



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DAVID GEFFEN HALL LINCOLN CENTER A KI  
KOUTE 550 MILYON DOLA PRAL FINI AN OKTÒB 2022**

***Pwojè a konplete efò pou revitalize endistri touristik Eta New York la***

***Eta New York bay 6.5 milyon dola pou akselere finisman ak sipòte gwo  
agrandisman espas piblik***

***Espas piblik elaji pou òganize pwogram piblik gratis ki baze nan kominote a***

***Reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te rejwenn lidèchip Lincoln Center jodi a pou li te anonse ke renovasyon 550 milyon dola nouvo David Geffen Hall Lincoln Center for the Performing Arts la pral fini nan mwa oktòb 2022, dezan anvan dat yo te pwograme a. Yo ap re-imaginer sal la anndan kou deyò ak plis aksè ak espas piblik pou kominote a, ki sipòte pa yon sibvansyon 6.5 milyon dola nan men Empire State Development. Pwojè a pral transfòmè sal konsè lejandè epi ki se kay New York Philharmonic ki renome a an yon lokal ak yon destinasyon klas mondyal ki pral sipòte rekiperasyon ekonomik Vil New York la davantaj apre pandemi an.

"Lincoln Center se yon pati santral nan kèltirèl New York epi nouvo David Geffen Hall la, ansanm ak espas piblik ak kominotè elaji a, pral fè kè sa a bat pi fò menm", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Retou New York la fèk ap kòmanse epi pwojè sa a se yon pati enpòtan nan re-aparisyon sa a, k ap kreye djòb epi bay Nouyòkè yo ak vizitè yo atravè lemond yo opòtinite pou yo fè eksperyans ak amizman klas mondyal nan yon sit modèn. Mwen espere wè bèl etablisman sa a inisyè pwochen jenerasyon an nan lajwa atistik."

Empire State Development ap bay jiska 6.5 milyon dola pou akselere transfòmasyon David Geffen Hall, ki gen ladan anviwon 21,000 pye kare espas piblik ki te elaji ak renove nan sal la ak ozalantou. Atravè pwojè sa a, Lincoln Center pran angajman pou li kreye 114 nouvo djòb aplentan. Anplis de sa, lokal ikonik la planifye pou òganize nouvo pwogram piblik ki baze sou kominote a nan espas piblik la epi lanse yon pwogram fòmasyon divèsite ak travay atistik ki pral bay bous ki peye pou sipòte pwogram kominotè a.

David Geffen Hall reimajine a pral kay prensipal New York Philharmonic epi li pral amelyore eksperyans jeneral moun ki renmen asiste konsè yo, ki pral gen ladan yon teyat modèn pou atis yo ak odyans lan. Espas piblik yo pral elaji pa dè dizèn milye pye kare pou kreye yon koneksyon ki pi pwofon ak odyans lan ak kominote a. Sa pral amelyore kalite eksperyans pou alafwa moun ki gen tikè yo ak piblik la an jeneral, ak yon konsantrasyon sou aksè ekitab ak pwogram atistik la. Lòt eleman nan pwojè espas piblik yo enkli:

- Sal prensipal la pral double nan gwosè epi li ouvri sou twa bò pou konekte ak kanpis la pou pèmèt aktivite kominote a dewoule.
- Yon miray difizyon medya ki nan nwayo nouvo sal la pral montre konsè ak evènman gratis an tan reyèl ansanm ak lòt materyèl dijital.
- Yon nouvo Sant Dakèy nan Broadway pral ofri yon pòtay nan direksyon Lincoln Center pou piblik la.
- Grand Promenade rekonfigire ak re-dinamize a pral kreye youn nan pi gwo espas rasanbleman nan yon etablisman pèfòmans nan Vil New York, ak kapasite pou akeyi plis pase 1,000 moun pou yon evènman.
- Sidewalk Studio, ki vizib depi nan lari a nan kwen 65th Street ak Broadway, pral yon kay pou aktivite edikatif, atistik ak kominotè, epi li pral bay yon fenèt sou pèfòmè yo ak lide k ap an dirèk sou kanpis la.

**Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare,** "Lincoln Center se yon destinasyon anblematik pou rezidan ak vizitè New York yo, epi agrandisman sa a reflete enèji renouvle nwayo kiltirèl vil la. Envestisman ESD nan David Geffen Hall pral ede kreye djòb epi sipòte ekonomi touris nou an ak nouvo espas ki elaji ki envite plis moun pou yo jwi ak eksplòre Lincoln Center."

Finisman akselere David Geffen Hall la avanse angajman Gouvènè Hochul pou revitalize touris nan Eta New York. Endistri touris la te pami endistri ke pandemi COVID-19 la te frape pi di, ki te wè gwo pèt nan vizit, depans dirèk ak enpak ekonomik. An novanm, Gouvènè Hochul te anonse pake rekiperasyon enklizif "Bring Back Tourism, Bring Back Jobs" (Retounen ak Sektè Touris la, se Retounen ak Travay), ki gen pwogram ak inisyativ vize ki fèt pou sipòte rekonstriksyon ekonomik endistri a.

Gouvènè Hochul te anonse tou lansman nouvo piblisite mondyal I LOVE NY la, ki reprezante premye piblisite touristik eta a ki peye pou mache lòt bò dlo yo. Nouvo anons 30 segonn lan prezante yon melanj nouvo atraksyon ak favori emblematik ki soti nan tout Vil New York la - ki gen ladan Lincoln Center - epi li ankouraje rezidan yo ak vizitè yo pou yo planifye yon premye vwayaj oswa yon vizit retou pou jwenn sa yo renmen epi vin fè pati tout sa ke Eta New York gen pou li ofri.

**Senatè Eta Brad Hoylman te deklare,** "Pandan plis pase 60 ane, Lincoln Center ap kreye travay pou Nouyòkè yo, pote mizik ak amizman pou mas yo, epi atire touris yo vizite Big Apple la. Nan yon moman kote Nouyòkè yo ak vizitè yo atravè lemond pare

pou yon lòt fwa ankò san danje jwi aktivite atistik, se yon bèl bagay pou nou wè amelyorasyon nan David Geffen Hall pare pou fini dezan anvan dat la."

**Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare,** "Agrandisman David Geffen Hall la reprezante yon pakèt opòtinite pou atis ak pou rezidan yo nan kominote Lincoln Center a, ki pral benefisye tou travay ak nouvo espas kominotè ke pwojè a pral kreye. Dènye ane sa yo te reprezante yon defi pou ekonomi vil la ak pou atis yo ak enstitisyon atistik yo, epi mwen gen espwa ke agrandisman sa a reprezante pwochen faz nan rekiperasyon nou an, kote nou tout ap soti pi byen pase anvan. Mwen fyè pou m reprezante Lincoln Center for the Performing Arts nan Asanble Eta New York la, epi mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li nan pwojè sa a ak pou lafwa li nan avni New York."

**Manm Konsèy Gale Brewer te deklare,** "Felisitasyon Lincoln Center for the Performing Arts ak Philharmonic pou pwogrè nouvo David Geffen Hall la, ki pral rete kay pèmanan Philharmonic la. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou sipò li nan pwojè sq: Mwen te kontan antanke Prezidan Minisipalite Manhattan pou mwen te asiyen 50,000 dola nan pwojè sa a nan Ane Fiskal 21 an, ki kreye 6,000 djòb, ki gen ladan plis pase 30 pòs pou manm kominotè lokal yo, epi ki bay espas pou gwo ekspresyon kiltirèl pou vil nou an ak nasyon nou an. Mwen angaje anvè moun ki fè aktivite atistik, ansanm ak travayè yo ki bay sistèm sipò pou kwasans kiltirèl sa a. Anplis de sa, mwen ta renmen remèsye Philharmonic la paske li te vizite anpil pak nan vil nou an pandan pandemi an; mwen te gen onè patisipe nan anpil espektak yo. Mwen ap tann ak enpasyans anpil vizitè adisyonèl ke David Geffen Hall la pral atire epi mwen akeyi rapèl pisan ekonomi touristik nou an anvan pandemi an."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Lincoln Center for the Performing Arts la, Henry Timms, te deklare,** "Revitalizasyon David Geffen Hall se yon senbòl ke New York ouvè pou biznis—pi gwo pwojè investisman kiltirèl ki deja ouvri depi anvan pandemi an, akselere pou montre ke New York toujou rete yon sant dinamik nan mond kiltirèl la. Pwofon remèsiman pou Empire State Development pou sipò li. Lefèt ke nou kapab delivre pwojè sa a alè ak nan bidjè a pale de travay enkwayab ekip la nan tout nivo, epi voye yon mesaj klè ke yon bagay nouvo ak enteresan ki sou pye nan kanpis lejandè sa a—yon konsantrasyon pwofon sou akeyi, sou odyans alafwa ki nouvo epi ki deja egziste. Ou fè pati isit la; sa a se nouvo David Geffen Hall *pa ou a*."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral New York Philharmonic la, Deborah Borda, Linda ak Mitch Hart, te deklare,** "Ouvri dezan anvan dat yo te pwograme a, New York Philharmonic ak Lincoln Center ap mennen pwojè enpòtan sa a nan aterisaj! Mèsi anpil a Empire State Development pou sipò definisyonèl li. San patenarya san parèy ant de òganizasyon, Eta a, Vil la, ak donatè nou yo, li tou senpleman pa t ap posib. Ansanm, nou kreye yon kay pou yon òkès 21èm syèk, ki mande non sèlman vrè vèsatilite, men tou kreyasyon nouvo espas piblik ki envite tout Nouyòkè yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)